


Tès COVID-19

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCOVID19.gov



Kimoun ki ta dwe fè tès? Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) gen konsèy sou moun ki ta dwe fè tès. Sèvi ak aplikasyon kamera ki nan telefòn ou epi eskane kòd ki anwo a oswa chèche: CDC COVID 19.

Tès nan zòn ou:

- Si ou gen sentòm, rele founisè swen sante ou anvan.
- Rele depatman sante konte ou konsènan tès yo nan zòn lan oswa ale nan FloridaHealthCOVID19.gov.

Tès viral: Itilize echantiyon respiratwa—tankou echantiyon ak aplikatè anndan nen ou—pou konnen si ou gen COVID-19.

Tès antikò: Yon tès san ki ka endike ou si ou te gen COVID-19 oswa yon kowonaviris asosye. Antikò yo anjeneral devlope 1–3 semèn apre sentòm yo kòmanse.

Gen kèk bagay nou pa konnen sou antikò COVID-19 yo:

- Nou pa konnen si lè ou genyen yo, sa ka pwoteje w pou w pa pran COVID-19 ankò.
- Nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon an dire.

Sa nou konnen:


- Si tès ou pozitif epi ou pa gen sentòm—ou te gen yon enfeksyon san senptòm.
- Si tès ou negatif—petèt ou pa te gen COVID-19, men ou ka genyen li kounye a oswa ou ka vin malad si ou te ekspozè dènyèman.
- Sèten moun ka pran plis tan pou yo devlope antikò, epi gen lòt moun ki gendwa pa janm devlope antikò.

Konnen sentòm yo: Tous ak souf kout se sentòm pi kouran yo. Lòt sentòm yo se lafyèv, frison, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.

Kit tès ou pozitif oswa negatif, pwoteje tèt ou, epi pwoteje lòt moun:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Si ou pa gen savon ak dlo, sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl oswa plis.
- Netwaye souvan sifas “anpil moun manyen” yo, tankou kontè, telekòmann ak manch pòt yo.
- Touse ak etènne nan koudbra ou ki pliye oswa nan yon klinèks.
- Pratiye distans sosyal: mete yon pwoteksyon figi an twal sou bouch ou ak nen ou, epi kenbe omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun.

SI OU BEZWEN SWEN
MEDIKAL IJAN,
RELE 911.



ETAP POU REZILTA YO

1

Si ou gen sentòm, epi ou panse fè yon tès, rele founisè swen sante ou anvan.

2

Si li jwenn tès la se yon bon lide, founisè swen sante ou ap pale avèk ou sou chwa yo pou tès la.

3

Touswit apre yo fin pran echantiyon ou an, chèche konnen kijan ak kilè ou dwe espere jwenn rezilta ou.

4

Y ap voye echantiyon ou an nan yon laboratwa pou tès la.

5

Si tès viral ou an pozitif, rele founisè swen sante ou pou konnen pwochen etap yo.